# JOQARÍ BILIMLENDIRIWDEGI SÓZ QOSÍLÍW HÁM SINTAKSISLIK USÍL MENEN JASALǴAN TERMINLERDIŃ AYÍRÍM ÓZGESHELIKLERI

**Qalbaeva Zulqumar**
*Ózbekstan Respublikası Ilimler Akademiyası Qaraqalpaqstan bólimi Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilim-izertlew institutı, Nókis*

Joqarı oqıw orınlarında qollanılıp kelgen terminler menen búgingi kúnde qollanılıp júrgen terminlerdiń jasalıwında bir qatar ózgeshelikler bar. Ásirese, bunı olardıń jasalıwında kórsek boladı. Kópshilik joqarı bilimlendiriw terminleri usı kúnge shekem sırttan kirgen sózler, ásirese russha sózler dep bilip keldik. Mısalı: kafedra, student, docent, professor, fakultet, kafedra baslıǵı, bólim baslıǵı, dissertaciya jumısı, magistrant, magistrlik dissertaciya jumısı, doktorlıq dissertaciya jumısı, semestr, dekanat, prorektor, rektor hám t.b. Bul mısallarǵa itibar qaratsaq derlik kópshiligi sırttan ózlesken sózler yaǵnıy terminler. Búgingi kúnge kelip bul terminlerdiń qatarı barǵan sayın artpaqta. Óytkeni ilim-texnika rawajlanǵan sayın tilimizge jańadan sózler kirip kelmekte, nátiyjede hám sózlik qorımız hám terminologiya bayıp otırmaqta.

Joqarı bilimlendiriw terminleri arasında kópshilik termin sózler sırttan kirgen terminler. Biraq degen menen, sóz qosılıw hám sintaksislik usıl sırttan kirgen termin menen túpkilikli qaraqalpaq tiliniń terminleri yaki ápiwayı sózleriniń óz ara birigip bir máni ańlatıwshı terminlerdi payda etiwine túrtki bolmaqta. Sóz qosılıw usılı menen jasalǵan termin sózler haqqında bir qatar maqalalarımızda aytıp ótkenbiz, biraq sintaksislik usılı menen jasalǵan terminler menen óz ara uqsaslıq táreplerine toqtap ótilmedi. Solay eken, olar arasındaǵı uqsaslıq hám ayırmashılıqlarǵa usı maqalamızda toqtap ótemiz.

Bilemiz, sóz qosılıw usılı arqalı qospa terminler, al sintaksislik usıl arqalı sóz dizbegi kórinisindegi termin sózler jasaladı. Bunnan aldın ápiwayı qara sózlerden parıq qılatuǵın termin sózlerge de dıqqat bóliw orınlı. Usı orında qazaq ilimpazı Ómirzaq Aytbayulınıń “Qazaq til biliminiń terminologiyalıq máseleleri” miynetinde termin haqqında aytılǵan mına sózler orınlı: Kim qalay qoldansa da, termin sózderdiń álewmet ómiriniń qatınas quralındıq qájetin qamtamasız etip otırǵanı dawsız. Yaǵnıy terminsiz qoldanıs bolmaydı, terminsiz ǵılımiy oy-pikirdi órbitiwge bolmaydı [Aytbayulı Ó., 2013. – 9 b].

Joqarı bilimlendiriw terminlerine názer awdarsaq, derlik kópshiligi shet tilinen kirgen jańa sózler (neologizmler) boladı degen túsinikte bolamız. Degen menen ishki usıl menen yaǵnıy sóz qosılıw usılı menen jasalıp otırǵan joqarı oqıw orınları terminleriniń bar ekenligine kózimiz túsedi. Bilemiz, sóz qosılıw usılı menen jańa mánili qospa sózler jasalıp otıradı.

Mısalı: sabaq kestesi, jıllıq is-reje, aqılıy hújim, ámeliy sabaq, ámeliy shınıǵıw, dástúriy sabaq, aralas tálim, tálim metodları, tálim-tárbiya, bazalı oqıw reje, balıq skeleti, juwmaqlawshı qadaǵalaw jumısı, shegaralıq qadaǵalaw jumısı, aralıq qadaǵalaw jumısı, monitoring jumısı, studentlik gúwalıq, sabaq strukturası, óz betinshe jumıs, kurs jumısı, pitkeriw qánigelik jumısı, oqıw metodikalıq qollanba, oqıw qollanba, jazba jumıs hám t.b.

Bul keltirilgen mısallar joqarı bilimlendiriw sistemasında jiyi qollanılatuǵın terminler esaplanadı. Jasalıwı boyınsha birikpegen hám juplasqan qospa sózler bolıp, derlik kópshiligi atawısh sózlerden quralǵan.

Endi itibar qaratsaq joqarıda keltirilgen mısallar negizinde sóz dizbegi kórinisinde tur. Biraq olar dáwirler ótiwi menen bir mánisti ańlatatuǵın qospa termin sńpatında qaralıp tur. Máselen: bir ǵana *"balıq skeleti"* balıq-atawısh sóz+ "skeleti" – tartımlanǵan atawısh sóz. Bulardı bólek-bólek ayırıp qarawǵa bolmaydı, olar ekewi qosılıp bir mánis-mazmundı ańlatıp tur. Solay eken bular dizbeklesiw arqalı payda bolǵan qospa termin.

Al, juwmaqlawshı qadaǵalaw, shegaralıq qadaǵalaw jumısı, aralıq qadaǵalaw jumısı terminleri dizbeklesiw arqalı bildirilgen, demek bul sintaksislik usıl arqalı jasalǵan termin. Biz bilemiz, sóz dizbeginde bir sıńarınıń ornına ekinshi sıńarın almastırıp qollanıwǵa boladı, ań qospa sózlerde bir komponentin basqa bir komponentke almastırıp qollanıwǵa bolmaydı. Joqarıdaǵı *shegaralıq, juwmaqlawshı, aralıq* sózlerin bolsa *qadaǵalaw* sóziniń ornında almastırıp basqa máni payda etiwge boladı, solay eken ol sóz dizbegi kórinisindegi termin.

Sonday-aq, shet tilinen ózlesken sózler de qaraqalpaq tili terminologiyasın bayıtıp otıradı. Bul ózlesken sózler ádette qaysı tilden ózlesse sol tildegi formasın ózgertpesten qollanıladı. Bunday sózler arasında pedagogikalıq terminler de ushırasadı. Al bul pedagogikalıq termin sózler joqarı oqıw orınlarında jiyi qollanılatuǵınlıǵı hesh birimizge sır emes. Usınday termin sózlerden biri – "*antipedagogika*" – bul termin "anti" hám "pedagogika" sózleriniń birikpesinen payda bolǵan. Bul termin jóninde qazaq ilimpazı U.Á.Asılov hám basqa da ilimpazlar jámáátinde dúzilgen miynetinde tómendegishe túsinik beredi: "Batıs Europa elderi men AQSH ta XX ǵasırdıń ekinshi jartısında pedagogikada payda bolǵan, tárbieden bas tartudı tulǵanı qalıplastırıwdıń maqsatqa layıq amalı dep biletin aǵım. 70-jıldarı AQSH ta payda bolıp, odan Batıs Europa elderine taradı. Antipedagogikanıń ókilderi tárbieni jaqsartu maqsatında pedagogikalıq reforma jasaw múmkin emes dep sanaydı, deskulizaciya teoriyasın jaqtawshılardı qostap, anarxiyalıq individualistik ustamında boladı. Antipedagogikanı jumısı ónbegen ne jumısbastı bolıp júrgen muǵalimder de qoldaydı..." [Asilov U., 2022. – 23 b].

Bunda keltirilgen "antipedagogika" termini de sóz qosılıw usılı arqalı jasalǵan qospa termin. "Anti"+ "pedagogika" degen eki sózdiń birigiwinen jasalǵan. Solay

eken bul sıyaqlı terminlerdi sintaksislik usıl menen jasalǵan dep qarawǵa bolmaydı. Kerisinshe sóz qosılıw usılı menen jasalǵan qospa termin.

Búgingi zamanagóy pedagogikada, ásirese joqarı bilimlendiriw sistemasında jańa terminler de qáliplesip otırdı. Mısalı: *aralıqtan oqıtıw, kredit-modul sisteması, zoom konferenciya, tálim kredit, akademiyalıq dem alıs, qayta tapsırıw, óz betinshe jumıs, kurs jumısı, pitkeriw qánigelik jumısı, hemis, moodle, juwmaqlawshı baqlaw jumısı, aralıq baqlaw jumısı, shegaralıq baqlaw jumısı, prezentaciya jumısı, slayd jumısı, onlayn sabaq, oqıw-metodikalıq kompleks, professor-oqıtıwshı hám basqalar.*

Bir ǵana "pitkeriw qánigelik jumısı" terminin alıp qarasaq, dizbeklesiw kórinisinde turǵanlıǵı sebepli sintaksislik usıl menen jasalıp turǵanday. Biraq joqarıda sóz etkenimizdey sóz dizbegi bir uǵımdı bildirmeydi, al qospa sózde qansha komponent qatnassa da barlıǵı bir uǵımdı bildiredi. Al *pitkeriw qánigelik jumısı*úsh sózden tursa da, barlıǵı bir mánisti bildiredi, yaǵnıy joqarı oqıw ornın pitkeriw waqtındaǵı jazılatuǵın sońǵı qánigelik jumıs.

Joqarıda kórsetilgen terminlerdiń barlıǵı birikken, birikpegen hám juplasıw arqalı hám jasalǵan qospa terminler hám dizbeklesiw arqalı jasalǵan sóz dizbegi kórinisindegi terminler. Biraq olardıń barlıǵın qospa terminler dep qaraymız. Bul terminler dáwir talabı menen rawajlanıp otırǵan hám bilimlendiriwde qollanıla baslaǵan. Joqarı bilimlendiriwde qollanılatuǵın bunday terminlerge hám olardıń jasalıwına itibar qaratsaq, derlik basım kópshiligi atawısh sózlerden ibarat bolǵanın kóriwimizge boladı.

## ÁDEBIYATLAR:


1. Асылов.У.Ә. Қазақ тили терминдериниң салалық ғылыми тусиндирме сөзликтери. – Алматы: Мектеп, 2022.

2. Айтбайулы Ө. Қазақ тил билиминиң терминологиялық мәселелери – Алматы: Абзал-Ай баспасы, 2013:

3. Педагогик атамалар луғати: Ўзбек, рус, инглиз тилларида / О.Мусурмонова ва бошқалар. – Т.: "TURON-IQBOL", 2019.